



Akademisyen Michel Anne Frédéric DEGRAFF

Prezantasyon

Michel Anne Frédéric DEGRAFF fèt nan komin Pòtoprens 26 jiyè 1963. Nan lane 1982 li fè yon Lisans nan enfòmatrik ak matematik nan City College, City University of New York. Nan lane 1986 li fè yon Metriz nan enfòmatrik pou lengwistik nan Inivèsite Pennsylvania. Nan lane 1992, li dekwoche yon Doktora nan enfòmatrik pou lengwistik, toujou nan Inivèsite Pennsylvania. Tèz doktora li a pote tit « Gramè kreyòl epi aprantisaj sentaks: Yon etid sou kreyòl Ayisyen ».

Piblikasyon

- *Gid Fizik Inisyativ MIT-Ayiti*
- *An n bati lekòl tèt an wo: Lang manman, pedagoji ak teknoloji kòm engredyan fondal natal pou yon chanjman radikal*
- *Wòl lengwis nan kore bon jan edikasyon pou respè dwa moun*
- *Baryè lang ann Ayiti: Kreyòl se lang peyi a; se pou sa fòk lekòl fèt an Kreyòl*

Angajman

Se yon syantifik ki angaje tèt li, pandan plis pase 25 lane, pou li sèvi ak bon fondasyon teyorik nan lengwistik epi nan syans edikasyon pou l esplike enpòtans pou Ayiti sèvi ak lang kreyòl la tout kote e nan tout nivo edikasyon nasyonal la. Li fè anpil rechèch sou devlopman ak estrikti lang kreyòl la, enpòtans lang kreyòl la nan rechèch ak ansèyman, nan syans ak matematik. Li ekri anpil atik syantifik sou lang kreyòl ayisyen an ki parèt nan jounal an Ayiti kou aletranje.

Li angaje li nan sektè sa yo :

- Rechèch
- Lengwistik
- Edikasyon

Se **Inivèsite Karayib** ki te depoze dosye kandidati Michel Anne Frédéric DEGRAFF kòm Akademisyen.